

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Méthode Panalungtikan**

Dina unggal panalungtikan tangtuna waé kudu didadasaran ku métode-métode anu tangtu. Hal ieu perlu diperhatikeun, sangkan tujuan dina panalungtikan bisa kahontal. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analitik. Dina ieu panalungtikan, didéskripsikeun heula ngeunaan déskripsi, ringkesan, jeung gambaran sawatara tokoh wanoja dina novel *Suminar* karangan Anna Mustikaati, satuluyna dianalisis sakur data nu aya patalina jeung ajén-ajén féminis. Luyu jeung nu ditétélakeun ku Ratna (2006: 53), yén métode déskriptif analitik téh dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta, nu satuluyna disusul ku analisis.

Cindekna, ku lantaran data nu dikumpulkeun lain mangrupa angka-angka (kuantitatif)—tapi mangrupa kutipan-kutipan kalimah (kualitatif)—ieu panalungtikan téh ngadéskripsikeun sabagian tokoh wanoja dina novel *Suminar* karangan Anna Mustikaati—dumasar kana masalah nu geus diwatesanan di bab saméméhna—nu satuluyna dianalisis dumasar kana téori féminis.

#### **3.2 Téhnik Panalungtikan**

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta telaah pustaka jeung analisis. Téhnik telaah pustaka digunakeun pikeun mutolaah sawatara buku nu aya

patalina jeung téori—sastra—féminis, nu satuluyna dipaké pikeun tatapakan téori. Demi nu jadi objékna nya éta novel *Suminar* karangan Anna Mustikaati. Ieu novel téh dimutolaah sangkan ngahasilkeun data-data, nu satuluyna éta data-data téh dianalisis.

Téhnik analisis, sakumaha nu disebutkeun saméméhna, yén saréngsena objék panalungtikan dimutolaah tur data-data geus dikumpulkeun, kakara mimiti dianalisis. Disagigireun ti éta, téhnik analisis nu dipakéna gé tangtu leuwih kana analisis tékstual féminis. Ieu analisis téh dipaké pikeun nganalisis sakumna téks nu miboga perspektif féminis. Sakumaha nu disebutkeun ku Sadli jeung Porter (dina Isnendes, 2004: 23) yén téks nu miboga perspektif féminis téh, nya éta: (1) mihak ka awéwé; (2) *gender* salaku alat analisis; jeung (3) métode panalungtikan berperspektif féminis. Enasnasna mah ieu analisis téh miboga dua hal penting, (1) mangrupa prosés atawa usaha pikeun ngainterpretasi téks, ngabongkar kode jeung tanda, nu hasilna lain perkara nu pasti tur baku, tapi muka lahan kana unggal hal nu béda, jeung (2) kudu nyoarakeun posisi politis dina usaha ngabongkar dominasi patriarki (ilik. Priyatna dina Isnendes, 2004: 23).

### 3.3 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta téks novel *Suminar* karangan Anna Mustikaati. Naon-naon nu kapanggih dina ieu novel, nu aya patalina jeung kaféminisan (sakumaha masalah nu geus diwatesanan) dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan. Ieu novel kawilang anyar pedalanana, nya éta taun 2008. Dipedalkeun ku PT. Puspawarna Pustaka Nusantara, Bandung. Ukuran ieu novel téh

kurang leuwih 21 x 14 cm (panjang x lebar). Jumlah kaca aya 139 kaca. Eusi caritaan dina ieu novel téh dibagi kana tujuh sub judul. Unggal sub judulna miboga caritaan nu béda-béda, tapi masih dina hiji leunjeuran carita. Dina unggal subjudulna diseselan ku gambar-gambar—beunang Onong Nugraha—luyu jeung masalah nu dicaritakeunana.

Unggal subjudul miboga caritaan nu béda-béda, kitu deui jeung tokoh-tokohna, iwal ti Jaka (tokoh utama) jeung Suminar nu hadir dina unggal carita. Sok sanajan lain tokoh utama, tapi dina unggal carita Suminar téh hadir marengan, jadi pangrojong tokoh utama. Malah bisa jadi disebut ogé tokoh utama wanojana. Tokoh wanoja séjénna nu hadir dina unggal subjudul téh béda-béda. Ku bédana tokoh wanoja dina unggal carita, ngalantarankeun jadi matak kataji pikeun dianalisis dumasar kana pamarekan féminis. Ku kituna—dumasar kana masalah nu geus diwatesanan di bab saméméhna—sakabéh téks dina unggal subjudul novel *Suminar* téh, utamana nu patali jeung tokoh wanoja, dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan.

### **3.4 Instrumén Panalungtikan**

Instrumén miboga harti pakakas. Demi Instrumén dina panalungtikan mah dihartikeun kana pakakas nu digunakeun pikeun ngagampangkeun dina ngumpulkeun data, nu saterusna baris dianalisis. Sakumaha nu ditétélakeun ku Arikunto (2002: 136) yén nu dimaksud instrumén panalungtikan téh nya éta pakakas atawa pasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan migawéna leuwih

gampang tur hasilna leuwih alus, dina harti leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis, ku kituna leuwih gampang diolahna.

Instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta instrumén dokuméntasi. Instrumén dokuméntasi nu dipimaksud mangrupa slip-slip data nu satuluyna baris dilampirkeun dina ieu panalungtikan. Eusi éta slip data téh mangrupa kutipan-kutipan dumasar kana masalah nu geus diwatesanan: gambaran tokoh wanoja; kateuadilan-kateuadilan *gender* nu dirandapan ku sawatara tokoh wanoja; jeung perjuangan-perjuangan tokoh wanoja. Sangkan leuwih jéntré deui kana wangun slip data dina ieu panalungtikan, ieu di handap didadarkeun contona.

**Slip Data 1**

**Kateuadilan *Gender* nu dirandapan ku Sawatara Tokoh Wanoja**

(No.) (kutipan-kutipan kalimah/téks ngeunaan kateuadilan-kateuadilan *gender*) (kaca)

(1.) (.....) (k. ...)

**Slip Data 2**

**Kaféminisan Sawatara Tokoh Wanoja**

(No.) (kutipan-kutipan kalimah/téks ngeunaan kaféminisan sawatara tokoh wanoja) (kaca)

(1.) (.....) (k. ...)

### 3.5 Léngkah-léngkah Garapan

Léngkah-léngkah garapan dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

#### 1. Tahap Tatahar:

1. maca sawatara novel nu sakirana rék ditalungtik;
2. nangtukeun novel nu rék ditalungtik (*Suminar*) jeung téori nu rék dipaké pikeun péso analisisna (féminis);
3. nangtukeun judul panalungtikan, ngarumuskeun kasang tukang jeung ngarumuskeun tur ngawatesanan masalah, ngarumuskeun tujuan panalungtikan tur hasil nu dipiharep, ngarumuskeun anggapan dasar, ngarumuskeun wangenan operasional, jeung ngarumuskeun métode, téhnik, jeung sumber data panalungtikan; jeung
4. bimbingan bab I, II, jeung III jeung dosén pembimbing.

#### 2. Tahap Ngumpulkeun Data:

1. maca bari mutolaah eusi carita novel *Suminar*;
2. nyirian sakabéh data nu kapanggih dina novel *Suminar* nu patali jeung kawanojaan; jeung
3. ngumpulkeun sakur data nu rék dianalisis dumasar kana masalah nu geus diwatesanan.

#### 3. Tahap Ngolah Data:

1. mariksa deui data nu geus dikumpulkeun;

2. nganalisis sakur data nu geus dikumpulkeun—kaasup ngadéskripsi tur ngainterprétasikeun—luyu jeung téori nu dipaké pikeun péso analisisna, dumasar kana masalah nu geus diwatesanan;
  3. nyindekkeun hasil analisis data; jeung
  4. bimbingan bab IV jeung bab V.
4. Tahap Nyusun Laporan:
1. bab I Bubuka;
  2. bab II Landasan Téori (Novel jeung Féminisme);
  3. bab III Métodologi Panalungtikan;
  4. bab IV Ajén-ajén Féminis dina Novel *Suminar* Karangan Anna Mustikaati; jeung
  5. bab V Panutup.